**दिन–बृहस्पतिवार** **दिनांक–14.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नव दिल्ली मे पीएम स्वनिधि योजना के अंतर्गत एक लाख रेहड़ी–पटरीबला सभक मध्य ऋण वितरित कयलनि। एहि अवसर पर श्री मोदी लाभार्थी लोकनि सँ संवाद करैत कहलनि जे एहि योजना सँ छोट व्यापारी सभ के व्यवसाय बढेबाक लेल ऋण उपलब्ध कराओल जायत अछि। श्री मोदी कहलनि जे आब एहेन व्यपारी लोकनि के कर्जा लेबाक लेल कोनो महाजन के लऽग नहि जाय पड़त।

---

केन्द्रीय मंत्री अमित शाह एक बेर पुनः दोहरौलनि अछि जे नागरिकता संशोधन अधिनियम–सीएए नागरिकता के अधिकार देबाक कानून अछि। ओ स्पष्ट कयलनि जे ई कानून ककरो नागरिकता नहि छीनत। एक समाचार एजेंसी सँ साक्षात्कार मे श्री शाह कहलनि जे सीएए अफगानिस्तान, बांग्लादेश, आ पाकिस्तान सँ आयल हिन्दू, सिख, जैन, ईसाई आ पारसी शरणार्थी लोकनि के अधिकार आ नागरिकता उपलब्ध कराओत। गृहमंत्री कहलनि जे अल्पसंख्यक लोकनि के भयभीत हेबाक कोनो आवश्यकता नहि अछि। कियेकि सीएए मे एहेन कोनो प्रावधान नहि अछि जाहि सँ किनको नागरिकता छीनल जा सकय।

---

एक राष्ट्र–एक चुनाव के मुद्दा पर पूर्व राष्ट्रपति रामनाथ कोविंदक अध्यक्षतावला उच्च स्तरीय समिति आइ नव दिल्ली मे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू के अपन रिपोर्ट सौंपलनि। अठारह हजार छओ सय छब्बीस पृष्ठ के एहि रिपोर्ट मे सभ सम्बन्धित पक्ष आ विशेषज्ञ लोकनिक संग व्यापक विचार–विमर्श आ एक सय एकानवे दिनक शोध के निष्कर्ष के एहि मे सम्मिलित कयल गेल अछि।

---

बिहार विधान परिषद मे विधानसभा कोटा के एगारह सीटक सभ उम्मीदवार निर्विरोध निर्वाचित घोषित कयल गेलाह अछि। आइ नामांकन पत्र आपस लेबाक अंतिम दिन कोनो उम्मीदवार अपन नामांकन आपस नहि लेलनि। एकर बाद विजयी उम्मीदवार लोकनि के

निर्वाचन के प्रमाण पत्र सौंपल गेल। जदयू सँ पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार तथा खालिद अनवर निर्विरोध निर्वाचित घोषित कयल गेलाह अछि। ओतहि, भाजपाक दिस सँ मंगल पांडेय, लाल मोहन गुप्ता आ अनामिका सिंह निर्वाचित भेलीह अछि। हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा सँ संतोष कुमार सुमन विधान पार्षद बनलाह अछि। एकर अलावे राजद सँ पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी पार्टीक वरिष्ठ नेता अब्दुल बारी सिद्दिकी, फैसल अली आ सीपीआई माले के शशी यादव सेहो निर्वाचित घोषित कयल गेलाह अछि। नव सदस्यक निर्वाचन के संगहि भाजपा चौबीस सदस्य के संग सदन मे सभ सँ पैघ पार्टी बनि गेल अछि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशभरि मे पहिल बेर मतदान करऽवला मतदाता लोकनि के उत्साहित करऽवला चित्र एक वीडियो के माध्यम सँ साझा कयलनि अछि। सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे पूरा देशक युवा मतदाता कहि रहल छथि– मेरा पहला भोट देश के लिए।

———————————————————————————

राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री पशुपति कुमार पारस के लोकसभा चुनाव सँ सम्बन्धित निर्णय लेबाक लेल अधिकृत कयलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय प्रवक्ता श्रवण अग्रवाल आइ नव दिल्ली मे पार्टीक संसदीय बोर्डक बैसक के बाद कहलनि जे ओ लोकनि एनडीए मे छलाह आ एनडीए मे बनल सेहो रहताक। सीटक बंटबारा पर अंतिम निर्णय लेबाक लेल पार्टी राष्ट्रीय अध्यक्ष के अधिकृत कयलक अछि।

———————————————————————————

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी आई पटना मे हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के संरक्षक जीतन राम मांझी सँ भेट कयलनि। सूत्र सँ प्राप्त जनतबक अनुसार एहि दरमियान दुनू नेता के मध्य लोकसभा सीटक बंटवारा आ मंत्रिमंडल विस्तार के लऽ कऽ चर्चा भेल। एहि मध्य बैसक के बाद हम के राष्ट्रीय अध्यक्ष संतोष कुमार सुमन कहलनि जे ई एक औपचारिक भैंट अछि। पत्रकार लोकनिक एक प्रश्न के उत्तर मे ओ कहलनि जे हुनक पार्टी एनडीए के संग मजगूति सँ ठाढ़ अछि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आई पटना मे दू हजार नओ सय एक नवनियुक्त आयुष चिकित्सक आ दू सय उन्नैस सहायक अनियंता लोकनिक मध्य नियुक्ति पत्र के वितरण कयलनि।

———————————————————————————

राज्यपाल सह कुलाधिपति राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर विश्वविद्यालय सभ सँ गुणवत्तापूर्ण शिक्ष उपलब्ध करेबाक आ समय पर परीक्षा के संचालन करबाक लेल कहलनि अछि। श्री आर्लेकर आई बी.आर. अम्बेडरक बिहार विश्वविद्यालय, मुजफ्फरपुरक सीनेट के बैसक के संबोधित कऽ रहल छलाह।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक विभिन्न विद्यालय सभ मे फर्जी प्रमाण पत्र के आधार पर नौकरी कऽ रहल पांच शिक्षक के विरूद्ध निगरानी अन्वेषण ब्यूरो द्वारा प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि।

———————————————————————————

गोपालगंज जिलाक कुचायकोट थाना क्षेत्र अन्तर्गत बलथरी चेक पोस्ट के लऽग पुलिस वाहन जांचक दरमियान साठि किलो चांदी के संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। बरामद चांदी के बाजार मूल्य चालीस लाख टाका जनाओल गेल अछि।

———————————————————————————

अररियाक एक अदालत हत्या के दोषी मोहम्मद शाकिर के आजीवन कारावास आ पच्चीस हजार टाका अर्थदंड के सजा सुनौलक अछि।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक भिन्न–भिन्न थाना क्षेत्र सभ मे पुलिस अभियान चलाकऽ लगभग तीन करोड़ टाका मूल्यक चोरी आ लूटल गेल मोबाईल के संगहि मोटरसाईकिल सेहो बरामद कयलक अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।